# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–18 जनवरी 2026 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु उत्तर प्रदेस के दुइ गो नया अमृत भारत ट्रेन क सौगाति दिहलें। श्री मोदी असम से गुवाहाटी (कामाख्या)–रोहतक अमृत भारत एक्सप्रेस आ डिब्रूगढ़–लखनऊ–गोमती नगर, अमृत भारत एक्सप्रेस रेलगाड़ियन के हरियर झंडी देखवलें। गुवाहाटी रोहतक अमृत भारत ट्रेन वाराणसी आ प्रयागराज से हो के गुजरी। ई नया रेलि सेवा पूर्वोत्तर आ उत्तरी भारत के बिच्चे रेल सम्पर्क मजबूत बनायी, जेहसे सुरक्षित आ सुविधाजनक जतरा सम्भव हो सकी।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में यूपी हेल्थ टेक कॉन्क्लेव–वन प्वाइंट जीरो क सुभारम्भ कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि उत्तर प्रदेस खाली पचीस करोड़ अबादी वाला राज्ये नाहीं हौ बलुक देस आ पड़ोसी राज्य के स्वास्थ्य क आवस्यकता के पूर्ति क सबसे बड़हन केन्द्रो हौ। उहां के कहलीं कि प्रदेस के मेडिकल टेक्नोलॉजी, हेल्थ केयर इनोवेशन आ फार्मा मैन्युफेक्चरिंग क राष्ट्रीय अउर वैस्विक हब बनवले के दिसा में सरकार पुरहर प्रतिबद्धता के साथे आगे बढ़ि रहलि हौ। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस सरकार प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क प्रेरणा आ उनके मार्गदर्सन में भारत सरकार के साथे मिलि के स्वास्थ्य क्षेत्र में बड़हन बदलाव कइले में सफलता पवले हौ।

***उत्तर प्रदेश सरकार ने आदरणीय प्रधानमंत्री जी की प्रेरणा से, उनके मार्गदर्शन में भारत सरकार के साथ मिलकर पिछले आठ–नौ वर्षों के अंदर स्वास्थ्य क्षेत्र में व्यापक परिवर्तन करने में सफलता प्राप्त की है। हेल्थ इंफ्रास्ट्रक्चर को हमने बेहतर करने का प्रयास किया। सीएससी, पीएससी, हेल्थ एंड वेलनेस सेंटर की एक लंबी श्रृंखला हमारे सामने है।***

मुख्यमंत्री कहलें कि पचीस करोड़ क अबादी वाला उत्तर प्रदेस में पछिला इग्यारह बरिस में लोगिन खातिर स्वास्थ्य क सुविधा उपलब्ध करावल आसान भइल हौ।

***पिछले 11 वर्षों के अंदर स्वास्थ्य की सुविधाओं में हुए व्यापक परिवर्तन, हेल्थ इंफ्रास्ट्रक्चर का और अधिक मजबूत होना और प्रधानमंत्री जन आरोग्य योजना के अंतर्गत आयुष्मान गोल्डन कार्ड की उपलब्धताकृआज अकेले उत्तर प्रदेश में 5.5 करोड़ गोल्डन कार्ड हम लोगों ने जारी किए हैं, जिन्हें हम आयुष्मान की सुविधा से 5 लाख प्रतिवर्ष स्वास्थ्य की सुविधा उपलब्ध करवा रहे हैं।***

कार्यक्रम के दौरान मुख्यमंत्री योगी यूपी आईएमआरएएस सॉफ्टवेयर क लोकार्पण कइलें आ क्लिनिकल ट्रायल बदे एसओपीएस पुस्तक क बिमोचनों कइलें।

**********

रिक्रूटिंग जोन उत्तर प्रदेस आ उत्तराखण्ड के तहत छौ फरौरी से बीस फरौरी ले लखनऊ छावन के एएमसी सेंटर आ एएमसी स्टेडियम में अग्निवीरन क भरती बदे रैली क आयोजन कइल जाई। येह दौरान अग्निवीर जनरल ड्यूटी, अग्निवीर टेक्निकल, अग्निवीर क्लर्क आ स्टोरकीपर अउर अग्निवीर ट्रेड्स मैन क भरती प्रक्रिया आयोजित होई। येह रैली में ऊहे अभ्यर्थी सामिल होइहें, जे जुलाई दुइ हजार पचीस में आयोजित ऑनलाइन कॉमन एन्ट्रेंस एक्जाम पास कइले हवें। सज्जो अभ्यर्थियन बदे प्रवेस पत्र जारी कइ दीहल गइल बा।

**********

अखिल भारतीय पीठासीन अधिकारियन क छयासीवां सम्मेलन आ विधायी निकायन के सचिवन क बासठवां सम्मेलन बिहने से लखनऊ में सुरू हो रहल बा। ई जनकारी देत उत्तर प्रदेस विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना बतवलें कि एकर उद्घाटन लोकसभा अध्यक्ष ओम बिडला करिहें। उहां के बतवलीं कि बीस जनौरी के सम्मेलन के बिसय पर चरचा होई आ एक्कइस जनौरी के एकर समापन होई। समापन सत्र के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सम्बोधित करिहें। येह सम्मेलन में सज्जो राज्यन आ केन्द्रसासित प्रदेसन क विधानसभा अध्यक्ष आ विधानसभा परिषदन क सभापति मौजूद रहिहें। उहां के बतवलीं कि प्रदेस में एहसे पहिले ई आयोजन दुइ हजार पनरह में भइल रहे। पीठासीन अधिकारियन आ विधायी निकायन के सचिवन क सम्मेलन के देखत लखनऊ में सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइल गइल बा।

**********

राष्ट्रीय परीक्षण एजेंसी–एनटीए, जेईई–मेन दुइ हजार छब्बीस के पहिला सत्र क परीक्षा बदे प्रवेस पत्र जारी कइ दिहले हौ। एक्कइस से चउबीस जनौरी के बिच्चे परीक्षा देवे वाले परीक्षार्थी आधिकारिक वेबसाइट जेईई डैश मेन डॉट एनटीए डॉट एनआईसी डॉट इन पर आपन प्रवेस पत्र डाउनलोड कइ सके लें।

**********

उत्तर प्रदेस पुलिस वाराणसी में मणिकर्णिका घाट क पुनर्निर्माण कार्य से जुड़ल सोसल मीडिया पर भ्रामक खबरि प्रसारित कइले के आरोप में काल्हि आठ गो अलगि–अलगि प्राथमिकी दरज कइले हौ। येह मामिला में अबहिन ले कउनों गिरफ्तारी नाहीं भइल बा।

**********

मौनी अमौसा पर आजु प्रदेस के अलगि–अलगि नदियन में लाखों सरधालु नहा रहल हवें। प्रयागराज में येह मौका पर देस भर से आइल सरधालु गंगा, जमुना आ सरस्वती के पवित्र त्रिवेणी पर आस्था क डुबकी लगवलें। ओइजा लागल माघ मेला क ई तिसरका खास नहान हौ। वाराणसी में गंगा नदी के किनारे सरधालु नहा के दान–पुन्न कइलें। अजोध्या के सरजु नदी में भी सरधालु नहान कइलें आ ओकरे बाद श्रीराम मंदिर के सथहीं ओइजा के कई गो मंदिरन में दरसन–पूजन कइ के अनुस्थान पूरा कइलें।

**********